АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

№9 (10003)
РУЗМАН
11 март 2022 сон
8 ШАГIБАН 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ ИБРАГЬИМ ХIАЖИЕВАС 80 СОН ТIУБАЯЛДЕ

Дарслъун буго гIумру мисал босизе

Зодисан рахIматлъун цIалтун бараб цIад уна ракьулъе, цинги ракьул чохьониса чил-чилиялда чвахулеб иццлъун къватIибе кIанцIула. Гьедин, кьурулъа кIанцIулеб иццалда релълъуна Аллагьасул хIалкIолъиялдалъунги жидерго хIаракаталъ квербакъунги халкъалда гьоркьоб лъикIаб рахъалда машгьурлъарал гIадамазул гIумру. Гьединаб гIумру нахъа тана Шамил районалъул МачIада росулъа Ибрагьимил ХIажиясул Ибрагьимица. Гьесул кинабго гIумру хурхараб буго школалъул тарихалда ва районалъул лъайкьеялъул бутIаялда.

13 марталъ 80 сон тIубалеб буго лъикIав гIуцIарухъан, махщел тIокIав мугIалим, районалъул лъайкьеялъул бутIаялъул нухмалъулев ХIажиев Ибрагьим Ибрагьимовичасул. Щибаб къойилаб кIвахI лъалареб гьесул захIматалъул ва гIумруялъул бицун хIалкIолареблъи бичIчIун, нижеца цIех-рех гьабуна гьесулгун бухьен бугел батIи-батIиял даражаялъул хIалтIухъабазда. Баркиялъул рагIабигун Ибрагьим ХIажиевасе гьез кьолеб бугеб къиматалъ рагьулеб буго гьесул тIабигIат-гIамалги профессионалияб махщелги.

(Хадусеб 2-леб гьум.)

БАЯНАЛЪЕ:

ХIажиев Ибрагьим Ибрагьимович гьавуна 1942 соналъ Шамил районалъул МачIада росулъ. 1960 соналъ цIалун лъугIана Буйнакскиялда бугеб педучилище. Гьелдаса нахъе байбихьана И. ХIажиевасул захIматалъулаб гIумру. 1960 соналъ МачIада росулъ байбихьул классазул мугIалимлъун хIалтIизе лъугьана гьев.

1967 *соналъ Ибрагьим Ибрагьимовичасе ДГПИялъул филологическияб факультет лъугIараб диплом щвана.*

1964-1968 *саназ МачIада 8сонилаб школалда завучлъун хIалтIана.*

1968-1976 *саназ гьебго школалъе гьабуна директорлъи.*

1976 *соналъ 8 сонилаб МачIада школа хисизабуна гьоркьохъеб школалде. 1976 соналдаса МачIада школалъул директорлъун хIалтIана.*

2009 *соналдаса жакъа къоялде щвезегIан тIубалеб буго Шамил районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул хIалтIи.*

ЛъикIаб хIалтIухъ, цIикIкIараб лъаялъухъги Ибрагьим ХIажиев мустахIикълъана ДРялъулги РФялъулги даражаялда гIемерал шапакъатазе:

«ДАССРалъул мустахIикъав мугIалим», «РФялъул мустахIикъав мугIалим», «Школа года России» конкурсалъул хIасилалда – батIи-батIиял соназ «Директор года», «МустахIикъав тарбиячи», «Халкъияв тарбиячи», 2002 соналъ вахъана творческияб педагогикаялъул академиялъул Академиклъун.

Гьединго, Ибрагьим Ибрагьимович ккола райсобраниялъул депутатги.

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

Рахинаруге багъаби!

9 марталда райадминистрациялда тIобитIана районалъул экономикияб цебетIей щулалъиялъе гIуцIараб оперативияб штабалъул тIоцебесеб данделъи. БакIалъулал нухмалъулезул аслияб мурад буго гIадамазе гIумру-яшавалъе хIажатал кванил нигIматазул багъаби цIикIкIинари гьукъи.

Районалъул бетIерасул заманалъ ишал тIуралев Камил МухIамадовас данде ракIарарал жавабиял хIалтIухъабазда бицана республикаялъул гьединабго оперативияб штаб гIуцIиялъул ва гьелъие гIиллалъун ругел хIужжаби рачана.

- Республикаялъул нухмалъулезги рехсолеб буго аслиял кванил нигIматал Дагъистаналда ва Россиялда гIунги тIокI ругин ва багъаби цIикIкIинариялъе гIиллаби гьечIо,- ян бицана К.МухIамадовас.

Районалъул предпринимателаз къайи кинал багъабазде босулеб бугеб ва тIад лъолеб бугеб процент кинаб бугеб балагьизе хасаб комиссиялда тIад къана. Гьединго данделъараз бицана районалъул экономика щулалъиялъе ва гьаб захIматаб заманалда предпринимателазеги халкъалъеги зарал кколаредухъ хIалтIи гIуцIиялъул ва резервалъулаб фонд гIуцIиялъул.

МухIканго цIех-рех гьабизе лъугьиндал, бичIчIулеб буго унголъунги багъаби рахинариялъе тIоцебесеб иргаялда жалго гIадамал гIайибиял рукIин. Хъамухъе рольги чакарги тукабахъа баччизе гIадамаз байбихьидал, складазда хадубгъунгутIи лъугьана, гьелъ цIикIкIана багъабиги.

МагIарухъ ругел гIадамазги Аллагьасде аманатгун, сабруялда дандчIвачIони улкаялъего захIматал къоял, шагьаралъулазда абизе рагIиго хутIиларо. МагIарухъ гIи-боцIи лъугIунищ бугеб? Рекьизе ракьал гьечIогойищ ругел? АлхIамдулиллагь! ТIокIлъиялда руго гьел, хасго нилъер районалда. Росдал магIишаталъул отделалъул баяназда рекъон 18122 чIегIерхIайван ва 36663 гIиялъажо буго нилъер районалда.

Щибаб квешлъиялда гъорлъги лъикIлъи батулин абухъего, жакъасел санкциябазулги руго лъикIал рахъал – тIоцебесеб иргаялда нилъерго ракь ва рацIцIадал нигIматал хIалтIизариялде нилъ рачин.

Гьелда хурхун районцояздехун хитIаб гьабулеб буго райадминистрациялъ сверухъ бугеб ахIвал-хIал жеги цIикIкIун хIалуцинабичIого чIайин. Предпринимателаздехунги буго лъазабигьабсагIат хIукуматалда бугеб ахIвал-хIал багьанаде ккун хайир балагьичIого, гьункун, хIукуматалъул щулалъиялъул ва рагъул майданалда ругел гIолилазде ва гьезул улбузде ургъун гьабе магIишат!

П.МУХIАМАДОВА

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

8 Марталъул хIурматалда

Байрамалъулал къоязда цебе ХIебда росулъ, районалъул миллияб маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана руччабазул Къо кIодо гьабиялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев К.МухIамадов, райсобраниялъул председатель М.Хизроев, районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазанов, Шамил районалъул руччабазул руцIцIеналъул нухмалъулей У.ГIалибегова, райадминистрациялъул хIалтIухъаби, батIи-батIиял бутIабазул вакилзаби.

Гьеб къоялда руччабазул рахъалъ абуна гIемерал хинал рагIаби. Тадбир рагьулаго районалъул маданияталъул отделалъул нухмалъулев. Гъ. ГIабдуламухIамадовас бихьизабуна руччаби мустахIикъал ругин бищунго хIеренал ва ракI-ракIалъулал рагIабазе.

Бищунго хинал рагIабигун руччабазда байрам баркун кIалъана районалъул бетIерасул ишал тIуралев Камил МухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес тIадчIей гьабуна бихьиназул гIумруялъулъ руччабаз кколеб бакIалъул бицун хIал кIоларин.

«8 март ккола нижер щивасда, хасго бихьиназда гIумруялъулъ чIужугIаданалъ кколеб бакIалъе къимат кьезелъун кьураб праздник. Эбел, яц, чIужу, яс, цадахъ хIалтIулел. Кутакалда кIвар буго чIужугIаданалъул бихьинчиясул гIумруялъулъ. Гьаб хIалуцараб заманалда чIужугIаданалъухъа бажарула хъулухъалда йикIинеги,

лъималазе тарбия кьезеги, жамгIияб хIалтIулъ жигараб бутIа лъезеги, хъизаналъулаб гIумру бачинеги. Гьеб киналъухъго руччабазе ракI-ракIалъулаб баркалаян абизе бокьун буго дие. Биччай даимго талихIаб букIине чIужугIаданалъул гIумру»,- ян абуна кIалъалаго хадубги К.МухIамадовас. Гьес байрам баркана ва баркала загьир гьабуна медицинаялъул, лъайкьеялъул, маданиятальул, социалиял хъулухъазда ругел руччабазе. РакI хIайранаб кIалъай гьабуна Украинаялда ругел солдатазул улбуздехун.

Тадбиралда кIалъазе вахъарав райбольницаялъул бетIерав тохтур Ибрагьим Халиловас къимат кьуна COVID-19 унти багъарараб мехалъ медицинаялда хIалтIулел руччабазул захIматалъе. Гьезие ва цогидал бутIабазда мисалияб хIалтIи бихьизабурал руччабазе райадминистрациялъул рахъалдаса баркалаялъул кагътал ва сайгъатал кьуна.

Украинаялъул лъугьабахъиназда гIахьаллъулел нилъер районцоязул улбузул рахъалдаса кIалъана, жиндир кIиго васги гьенир ругей Савайдат ГIалибегова. Гьелъ улбул ахIана сабру гьабиялде ва лъикIал харбалгун гIолохъаби тIадруссиналъухъ балагьун чIеялъе.

8 марталъул тадбир тIобитIилалде гьенибго районалъул жамгIиял хIаракатчагIи гIахьаллъун тIобитIана «НилъераZда цадахъ» абураб акцияги. Районалъул хIаракатчагIаз рахъ ккуна нилъер улкаялъул Президентас тIибитIизабулеб бугеб политикияб рахъалъул.

Тадбиралда кIалъана ва баркалаялъул кагътал кьуна районалъул руччабазул руцIцIеналъул нухмалъулей У.ГIалибеговалъ Дагъистаналъул руччабазул руцIцIеналъул рахъалдасан.

Культураялъул отделалъ руччабазе сайгъат гьабураб концерталда цере рахъана районалъул машгьурал кочIохъаби. Жидерго церерахъиназда гьез бихьизабуна ВатIан бокьиялде ахIулеб программа.

Давуд ДАВУДОВ

■ ИБРАГЬИМ ХIАЖИЕВАСУЛ 80 СОН ТIУБАЯЛДЕ

Дарслъун буго гIумру мисал босизе

Районалъул бетIерасул ишал тIуралев
Камил МУХIАМАДОВ

Сундулъго мухIканлъиги бажариги бихьизабуна

ГIемерал саназ районалъул лъайкьеялъул бутIаялда Ибрагьимица бихьизабуна хIалтIулъ жавабчилъи, гIадлу, гьабулеб ишалъулъ мухIканлъи. Гьелъ хIалтIулъ хIасилалги кидаго лъикIал рукIана. Ибрагьимил гIаданлъиялъул ва бажариялъул киналго лъикIал хасиятал загьирлъана МачIада школалъе нухмалъи гьабулеб мехалъги, хадубккун районалъул лъайкьеялъул бутIаялъе нухмалъи гьабулагоги.

Дица дирго ва райадминистрациялъул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Ибрагьим Ибрагьимовичасда 80сонилаб юбилей. Гьарула жеги гIемерал санал районалъул лъай-гIелму цебетIезабиялъе кьезе къуватги сахлъиги.

ДРялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан ПатIимат ГЬИТIИНОВА:

Камилаб махщел-лъаялъул ва магIнаяб хьвада-чIвадиялъул мисал

«ГIолохъанлъиялдаса кьуризе биччачIого чIезабизе анищ гьасул гIумру» ян ракIалде ккезабулев чи гIемер дандчIваларо. Гьел къанагIатал гIадамазул цояв вуго районалъул лъайкьеялъул бутIаялъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиев. Гьал къоязда гIумруялъул 80 сон тIубалеб буго Ибрагьимил. ЦIекIал баркиял къабуллъуларев, баркалаялъул рагIабицин намусго къабул гьарулев районцоясул гIумруялъул кьокъабго баян кьела дица, цогидазеги мисалалъе букIаян.

Улкаялдаго кор боркьарал рагъул соназ гьавурав Ибрагьим цIалана Буйнакскалъул педучилищеялда, хадув ДГУялда. МугIалимлъиялъул тIоцебесеб хIалбихьи жиндирго МачIада росулъ щварав И.ХIажиевас, цIи-цIиял гIелазе тарбиягун-лъай кьолеб буго лъабкъоялда кIиго соналъ. Бащдаб гIасруялдаса цIикIкIун заманалъ росдал школалъе нухмалъи гьабулаго тIолабго лъайкьеялъул системаялъе мисалияб хIалтIиги бихьизабуна гьес.

Районалъулго къадру борхунеб бечелъилъун руго МачIада школалъе ва живго Ибрагьимие улкаялъул ва республикаялъул къецазда гIахьаллъун щварал рикIкIен гIемерал шапакъаталги тIадегIанал цIаралги.

Лъайкьеялъул нухмалъудаги рукIун рахьдал мацI малъизе гьукъулел чагIи магIаруллъиялдаги тIатараб заманалъ дирго рахIатхвей загьир гьабун букIана Ибрагьимие.

«Щвана нижехъеги гьеб, гIурус мацI рахьдал мацI гIадин тIаса бищизе бегьулин бицунеб кагъат. Гьениб нилъей къабулаб хабар батичIо. АвармацIалде кьолеб кIвар цIикIкIинабун гурони, чучизе гьечIо нилъер ракьалда. Рахьдал мацI гIодобегIан гьабурав чи-гьев вуго живгоги, жиндирго ракьги, умумузул тарихги гIодобегIан гьабулев чи. Гьединазда цадахъ нилъ инаро...» - гьадинаб букIана жаваб гIакъилав Ибрагьимил.

РакIкьун гьабураб хIалтIул лъикIал лъалкIал нилъергоги халкъалъулги ракIазулъ хутIула. Гьединал лъалкIал нахъе толев чи вуго Ибрагьим. 12 соналъ районалъул информациялъул алатазе нухмалъи гьабулаго жамгIиял ишазде гьоркьое цIачIого хутIулароан. Районалъул гьумер берцинлъулел, халкъалъе къабулал чIахIиял тадбиралги тIоритIулаан. Щибаб гьединаб ишалъе байбихьи лъолаго гIакълу цIехезеги, мугъчIваялъеги ратулел къанагIатазул цояв вуго Ибрагьим ХIажиев. Кибего щола гьесул калам дагьаб кумек.

Гьавураб къоги баркун, чорхое сахлъи, ракIалъе парахалъи гьарула «Россиялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав учитель», «Россиялъул халкъияв мугIалим», «Россиялъул творческияб педагогикаялъул академиялъул академик», районалъул лъайкьеялъул бутIаялъул нухмалъулев, «Гьидалъ» жамгIияб гIуцIиялъул председатель Ибрагьим ХIажиевасе.

Гьесул камилаб махщел-лъаялъул, мисалияб хIалтIул ва магIнаяб хьвада-чIвадиялъул мисал босулеллъун рахъаги нилъер районалъул наслаби.

Лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат ХИЗРОЕВА:

Гьваридаб сабру хасиятаб буго Ибрагьимий

ТIоцебесеб иргаялда дица лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабазул рахъалдаса баркулеб буго Ибрагьим Ибрагьимовичасда гьесул юбилей. Кьейги гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, гьабулеб ишалъе тавпикъ.

ГIадамасул гIумруялъе къимат кьезе бигьаяб жо гуро. Щивас тIаса бищун букIуна жиндирго гIумруялъул нух БетIергьанас кьураб пагьмугьунаралда, лъай-гIакълуялда рекъон. Цо-цояз гIумрудул сонал риччан тола кIвар гьечIого, кве-шаб лъикIаб цIехечIого, цоги нухалъ дуналалде риччазе ругел гIадин. Цогидаз хIаракат бахъула гIумруялъул нухдасан берцинго ине, гIадамазда гьоркьоб къадру-къимат борхатго ккезе, лъикIаб цIар босизе, лъикIаб лъалкI тезе. Гьединазда гьоркьоса рикIкIине бегьула районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIажиев Ибрагьим Ибрагьимович.

Гьев мустахIикъав вуго тIадегIанаб къиматалъе киназго адаб-хIурмат гьабулев лъикIав гIадан хIисабалдаги, тIалаб бугев, лъай-гIакълу камилав нухмалъулев хIисабалдаги, махщел тIокIав педагог хIисабалдаги. Нилъер районалъул кIиго вуго РФялъул мустахIикъав учитель. Гьезда гьоркьоса цояв ккола Ибрагьим ХIажиев.

ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъул ракIбацIцIадаб хIалтIулъ щварал руго гьесул гIемерал шапакъатал.

Гьес нухмалъи гьабулеб районалъул лъайкьеялъул бутIаялде гьорлъе уна 67 идара. Гьенир цIалулел руго 2635 цIалдохъан. Гьезие тарбиялъай кьолеб буго 537 мугIалимас. Школалде ине гIечIел лъималазе тарбия кьолел идарабазда вуго 90-ялдасаги цIикIкIун хIалтIухъан.

Гьеб кIудияб жавабчилъи бугеб хIалтIи буго, амма Ибрагьим ХIажиевасул гьеб нухда бачине махщел-лъайги, гIуцIарухъанасул гьунарги буго. Лъайкьеялъул отделалъул специалист хIисабалда чанго соналъ хIалтIана дун Ибрагьимица цадахъ. Дица абилаан гьесие бищун хасиятаб бугин гьваридаб сабруги, сабруяб цIодорлъиги цогидазда цIикIкIун.

Гьес кидаго хIаракат бахъула хIалтIухъабазда гьоркьов лъикIго вукIине, гьел ричIчIизе, гьезул гIолел-гIоларел рахъазде бицунеб рагIиги магIнаяб букIуна.

Киназдаго хIал рекъезабизе бажарулев, ккаралъуб гIакълу кьолев, кваригIаралъуб кумек гьабулев гьединав сахаватав инсанасул тIолго коллективалъ, киналго лъайкьеялъул хIалтIухъабаз кIудияб къимат гьабула.

МачIада школалъул коллектив

РитIухъав ва жавабчилъи бугев нухмалъулев

Дагъистаналъул халкъал цойги чIахIиял миллатазда данде ккун дагьал рукIаниги, гьезул тарихги, маданиятги, адабиятги, гIелму-гIакълуги дуналалъул гьоркьохъел халкъаздаса мискинаб гьечIо. Киналго заманабазда нилъер росабалъ рахъана халкъ данде бачине бажари гIурал гIуцIарухъаби, пагьму-гьунаралгун тIадегIанлъи щварал гIалимзаби ва жиде-жидер ишалъулъ устарлъи камилал махщелчагIи. Щибго щаклъи гьечIого, гьединал гIадамазда гьоркьоб мустахIикъго цIар рехсезе бегьула РФялъул мустахIикъав мугIалим, Шамил районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев МачIадаса ХIажиев Ибрагьимил.

КIикъоялда анцIго соналдасаги цIикIкIун заманалъ Ибрагьимица нухмалъи гьабулеб буго нижер школалъе. Гьев, иллагьияб нур жиндир чорхолъ бугев, лъикIав инсан, нижее кидаго вукIана эменлъунги, кIудияв вацлъунги, ритIухъав ва жавабчилъи бугев нухмалъулевлъунги. Гьес гIумруялъго къадру борхизабуна школалъулги, МачIада росдалги ва тIолабго нилъер районалъулги. Ибрагьимил гIумруго ана гIадамазе лъикIлъи гьабулаго.

ТIадегIанав Аллагьас кьеги Ибрагьимие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хадурккунги хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби. Нижеца, МачIада школалъул коллективалъ, ракI-ракIалъ баркула Ибрагьимида гьев гьавураб къо, цойги нухалъ гьарула гьесие халатаб гIумру. МагIна бугел хъизан-лъималаздаса вохун тайги гьев.

Гьандихъ гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад ГЪАЗАЛИЕВ:

«Гьадинав вукIине ккола хIаким..»

Ибрагьим Ибрагьимович ХIажиев. Гьеб цIар лъаларев чи нилъер районалъул гIадамазда гьорлъ ватиларо. ЦIикIкIараздаяни щай гурин, школалъул цIалдохъабаздаги, республикаялъул гIадамаздаги лъалев ватула гьев. Гьелъие гIилла

гIемераб буго. Амма аслияб - гIадамасухъ гIенеккизе лъай, гьесул къваригIел тIубай, ритIухълъи ва гIаданлъи, иман буголъи. Кинаб къваригIелалъ гьесухъе аниги, гьеб тIубачIого жеги чи къватIиве вачIинчIилан абула.

...Цо нухалъ гьесухъе щведал, къватIиве ва-чIинев данде ккана нилъер мухъалде гIемерав щолев Гъуниб районалъул Кудалиса ХIасанилан абулев муъминчи. Дидаги дагьа-макъав лъалаан ХIасан. ХIасанил вохиялъул рагIа-ракьан бу-кIинчIо. Гьале гьадинав вукIине кколилан хIа-киман абуна гьес.

...Цоги мисал. Дагьал соназ цеве нилъедаса ватIалъана гIемерал соназ Хьаргаби районалъ-ул Могьохъ росдал школалъе нухмалъи гьабу-лев вукIарав мунагьал чураяв ГIалидибирасул МухIамад. Жиндир заманаялъ гьеб школа респу-бликаялдаго цIар араб букIана школалъул цIал-дохъабазул производственнияб бригадаялъул хIалтIул рахъалъ. ХIалтIудаса нахъеги ун, ригь арав чи, Гьандихъе зияраталъ вачIиндал, гьес би-цана: «Цебесеб соналъ хIежалде сапаралъ унаго самолетги кватIун, тIоритIизе рачIун рукIарал гIадамалги нахъе ун, дун, хIал хисун лъугьун, балагьеха ине хъван букIун гьечIоян ракIалдеги ккун, рухI дагьлъун болъодул рагIалда кIусун вукIаго, цеве чIун ватана цо чи. Щиб-кинилан гьикъидал, абуна жив вугила Шамил райо-налъул МачIадаса Ибрагьим. Живги хIежалде къватIиве вахъарав чи вугилан. Гьадинал ишал гIемерал кколин, дуда расги ургъел чIвагеян абуна. Огь, дуда Аллагьасул цIоб лъеяв, гьев чияс

Немцазул цо цевесев педагогас абун буго: «Лъайкьеялъул къотIелалда бетIерлъи гьабулев чиясул цо жиндирго школаги букIине ккола гьол тIалабал рукIине кколеб хIалалъ тIурараб, ва гьелъие нухмалъиги гьабизе кколила жинди-цаго. Гурони гьосул ихтияр гьечIила цойгидазда-са тIалаб гьабизе». Дун хIикмалъизавуна кIиго соналъ цеве МачIада школалде М.Хираев абулев дир гьудуласул юбилеялде щведал, школалда жанир гIуцIун ругел шартIал рихьидал.

Нилъер аслияб иш цIали бугелъул ва къо бахъанагIан дарсал кьолел формаби хисулел ругелъул, хIатта, учителасул роль хисулеб бу-гелъул, цифровой цIалиялде рачIунел рукIиналъ, хIажалъулеллъун кколел руго жакъа къоялъул тIалабал тIуралел программаби ва техникияб база школалда гIуцIи. Гьеб рахъалъги нилъер гьаниб тIалаб нахъе ккун гьечIо. Гьелъие нугIлъи гьабула нилъер район ва лъайкьеялъул бутIа республикаялда лъикIазда гъорлъ букIиналъ.

ГIасаб гьоркьохъеб школалъул директор ГьитIинамухIамад ШАБАНОВ:

Гьадинаб бажари тIасарищаразе кьолеб тIокIлъи буго

Дида Ибрагьим Ибрагьимович ватана кIудияб бечедаб гIумруялъул нухги нахъ тарав, района-лъулги республикаялъулги гIадамазда гьоркьов кIудияб къадру-къиматги бугев, гьединаб къа-дру-къиматалъе гIиллалъун гIадамаздехунги

дове щвезегIан гьабичIеб адаб-хатир течIо, тIаде жоялъе 100 доллар гIарацги кьуна. ХвезегIан ракIалдаса инаро дида гьеб гIаданлъи. Дуе талихI кьеги, вихьани, гьесда салам бице дир». Доб мехалъ телефоналги рукIинчIо, дица гьесухъе кагъат хъвалаан цо-цо тарихалъул хIужжаби цIехон. Щибалда Ибрагьимил цIарги, гьесде саламги бачIунаан мунагьал чураяс...

РакIалде ккезе бегьула гьев чи ватилин кверIалъги кваранисалъги кьолев, ракIги кверги гьарзаяв чиян. Гьобол чиясеги, цIикIкIаразеги, аскIор ругел хIалтIухъабазеги гьабулеб цо шартI буго. Амма тIад къвараб иш тIубалаго гьес цадахъ хIалтIулездасаги школалъул директорзабаздаса-ги тIалаб гьабула жавабчилъи, хIалтIул иш лъай, жиндицаго мисал бихьизаби, гIадлу.

РакIалда буго, дун гIолохъанав директор ккана гьидерил лъабго школалда М.Аталаевас гIуцIун букIараб цо къоялъул халгьабиялде. Щвезе кколаан цин ТIидиб, хадуб ГьентIа ва ахиралда МачIада школазде. Цебесеб кIиябго школалда дагьаб заманаялъ чIаниги, МачIада школалда лъикIаб пайда бугеб данделъи ккана. Дун гIажаиблъана интернаталда, классазда бугеб гIадлуялъухъ балагьун. РакIалда буго 15 октябрь букIана, саламатаб бакъул къоялги пучдулги ракун, лъималазул тIасан ретIел цIунун хасай гIадан йигоан. Доб мехалъ нижер школалъул я машина букIинчIо, я гардероб букIинчIо, я пучдул ракун рукIинчIо (нижер мухъалда гьеб мехалъ дагьаб хинлъун букIана). ГIемераб жо-ялъул мисал босана гьесдаса.

ТIоцебе чияда абилалде нилъецаго бихьиза-бизе ккола мисал. ОНОялъул минаялде жанире лъугьине бегьулеб хIал букIинчIо. РакIалда буго ГьентIа школалъул директор М.АхIмадовас абуна цо-цо школалъ гьабизе ккела ОНОялъе кумек столал-бакIаздалъунги къайи-цIаялдалъунгиян. Къокъаб заманаялда жаниб хасаб бригадаги ахIун, жакъасел къоязул тIалабазде гIагарараб бакI гьабуна. Гьанже жанире лъугьине бегьулеб бакI буго. ХIатта, лъай бугел лъималазул борцу-неб зал гьабун буго, жанир компьютералги лъун.

хIалтIудехунги жиндир профессионалияб, махщелчилъиялъулаб бербалагьиги бугев, тIаде гIолел наслабазе жив насихIатчилъиги вугев, районалъул лъайкьеялъул идарабазе жив мисал-лъунги вугев инсанлъун.

Дун вохарав вуго Ибрагьим Ибрагьимовича-сул нухмалъиялда гъоркь хIалтIизе къисматалъ хъван батиялдаса. ХIалтIи гьабулел чагIазул гIемерал рукIуна гIолелги гIоларелги рахъ-ал, рукIуна профессионалиял малъа-хъваял къваригIарал бакIал, рукIуна районалдаги респу-бликаялдаги цо хасал школазул, учительзабазул интересал цIунизе ккарал бакIал. Ибрагьимида гьел къварилъаби цогидазуллъун гуро рихьулел, гьел жиндирлъун рихьун, щола гьесдасан чIван къотIарал малъа-хъваял, батIи-батIиял идара-баздасан гьел суалал тIураялъе гIахьаллъиги.

Гьал ахирисел соназ гIемерал хIалтIаби гьа-руна районалъул школазда ва ясли-ахазда. ЦIи гьаруна материалиябгун техникияб рахъалъ, чIезаруна ФГОСазда рекъарал тIахьал, рачIана цIиял автобусал ва гь.ц.

Гьеб ккола районалъул лъайкьеялъул от-делалъулги райадминистрациялъулги хIалтIул хIасил. Гьениб хасаб бакI ккола лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев хIисабалда Ибрагьим Ибрагьимовичасул кIвахI гьечIеб хIалтIиялъ.

Юбилейги баркун, бокьун буго загьир гьа-бизе кIудияб баркала школазул коллективазул рахъалъанги, хасго дирго рахъалъанги, гьаризе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, чIахIиял бер-гьенлъаби.

ГIун бачIунеб гIелалда гIелму малъиги, гьез-да гIумруялъул нухда ритIун кколедухъ исламги, умумузул гIадатги, магIарул нич, яхI- намусги цIунизе кколеблъи бичIчIизабизе бажариги тIасарищаразе кьолеб тIокIлъи буго. Аллагьас дуе гьеб кьун буго. Я, Аллагь, квербакъаги сундулъго! Амин.

Данде бакIарана ва хIадурана ПатIимат МУХIАМАДОВАЛЪ

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

Бищун лъикIав классрук

2022 сон ДРялъул бетIерасул указалда рекъон, Дагъистаналда бихьизабун буго лъай кьеялъул сонлъун. Гьединлъидал, исана соналъ Дагъиста-налда гьелде руссарал гIемерал тадбирал гьаризе рихьизарун руго.

Районалъул лъай-кьеялъул отделалъ 3 марталъ классалъе нухмалъи гьабуле-зулъ бищун лъикIав мугIалим тIатинавулеб «Самый классный классный» абураб кон-курсалъул муниципа-лияб этап тIобитIана нилъер районалда.

ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъарай ХIебда гьоркьохъеб школалъул мугIалим Сапият ХIажиева

Профессионали-ял къецал тIоритIана классалъул нухмалъу-лезул къимат ва ста-тус борхиялъул, цIал-дохъабазе кьолеб тар-бия цIикIкIиналъул мурадалда. Гьеб къе-цалда мугIалимзабаз бихьизабуна классалъ-улгун гьабулеб хIалтIи бачине бугеб бажари ва цIалдохъабазе лъай кьезе бугеб махщел.

Конкурсалда гIахьаллъана ГьентIа гьоркьохъ-еб школалъул мугIалим ШейхмухIамадова П., ХIебда гьоркьохъеб школалъул мугIалим ХIажиева С., Гъоор гьоркьохъеб школалъул мугIалим Му-хIамадова А., Бакълъухъ гьоркьохъеб школалъул мугIалим Будунова П., Ругъелда гьоркьохъеб школалъул мугIалим МухIамадаминова А., ТIа-сабакълъухъ гьоркьохъеб школалъул мугIалим ГIабдусаматова П., ва ГIуриб гьоркьохъеб шко-лалъул мугIалим ГIабдулатIипова Х.

Конкурсалъул хIасилазда рекъон, тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ХIебда гьоркьохъеб шко-лалъул мугIалим Сапият ХIажиева, кIиабилеб бакI щвана ГьентIа гьоркьохъеб школалъул мугIалим П. ШейхмухIамадовалъе ва ГIуриб гьоркьохъеб школалъул мугIалим Х. ГIабдулатIиповалъе, лъа-бабилеб бакI бихьизабуна Ругъелда гьоркьохъеб школалъул мугIалим А.МухIамадаминовалъе.

Рахьдал мацIалъул къецазда тIоцебесеб бакI

Дагъистаниял авторазул кечI-хабар пасихIго цIалиялдаса къецазул муниципалияб этапалда тIоцебесеб бакI щварав КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул цIалдохъан МухIамадхIажи МухIамадов вихьизавун вукIана республикаялъул этапалда гIахьаллъизе.

17 февралалъ онлайн форматалда тIобитIараб республикаялъулаб конкурсалдаги бергьенлъи босана МухIамадхIажи МухIамадовас. ГIун бачIу-неб гIелалъе рахьдал мацI гьуинлъизе ва рагIул магIнаялъе къимат кьезе лъазе тIобитIараб магIарул мацIалъул къецазда гIахьаллъи гьабуна тIолго Да-гъистаналдаса кинавниги 24 цIалдохъанас.

Республикаялъулаб къецалда МухIамадхIажи МухIамадов мустахIикъаб цевевахъиналъе хIаду-рарайлъун ккола КъахIиб гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим Рисалат МухIама-дова.

Нилъер районалъул мугIалимзабазулги цIалдо-хъабазулги махщелалъул, лъаялъул ва бажариялъ-ул хIужжалъун буго гьеб бергьенлъи.

ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ ЗИГАРА

МахIачев МухIамад МухIамадрасулович

РФялъ Украинаялда гьабулеб бугеб спецоперациялда гIахьаллъи гьабулев вукIарав нилъер районцояв, взводалъул нухмалъулев, старший лейтенант МухIамад МахIачев къадаралде щванин пашманаб хабар бачIана арал къояз.

Аскарияв хъулухъчиясул хъизамалда 1981 соналъ гьавурав ХIотода росулъа МахIачев МухIамад МухIамадрасулович цIалана ХIотода гьоркьохъеб школалда. 1998 соналъ цIализе лъугьана Буйнаксиялда бугеб ДГПУялъул правоялъул факультеталде. 2003 соналъ гьеби лъугIун вахъана юриспруденциялъул специалистлъун. 2004-2006 саназ армиялда тIубана мотострелковияб взводалъул командирасул хъулухъ. 2008 соналдаса нахъе аскарияв хъулухъчилъи гьабулев вукIана.

«МухIамад МахIачевасул нухмалъиялда гьоркь букIараб взвод ккана кутакаб миноме-талъул кьвагьиялда гьоркье. Командирасул махщелалъги бажариялъги взводалъул состав цIунизе ва хIинкъи гьечIеб бакIалде бачине бажарана, амма жиндиего щварал ругъназ гьев гIумруялдаса ватIалъана.

Жиндирго борч тIубалаго рагъда бихьизабураб къвакIиялъухъ ва бахIарчилъиялъухъ РФялъул Президентасул Указалда рекъон, 22-абилеб аскарияб корпусалъул ралъдал рагIал цIуниялъул бригадаялъул 126 мотострелковияб батальоналъул взводалъул командир, старший лейтенант, ХIотода росулъа МахIачев МухIамад МухIамадрасулович вихьизавуна хун хадув рагъулаб шапакъаталъе –«БахIарчилъиялъул Орден»,-ян хъвалеб буго Югалъулаб рагъулаб округалъул командованиялъ бачIараб кагътида.

Районалъул администрациялъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго МухIамадил гIагарлъиялда, гьудул-гьалмагълъиялда ва росуоязда бахIарчияв районалъул вас камиялда бан. ВатIан цIунулаго шагьидлъарав МухIамад МахIачевасе Аллагьас алжан насиб гьабеги.

Районалъул администрация ва редакция

■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

Баркула улбузда

Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо кIодо гьабун байрамияб тадбир тIобитIана 5 марталда ХIебда лъималазул централияб библиотекаялда.

«Баркула улбузда» абураб бербицинаб церерахъин бихьизабуна ХIебда гьоркьохъеб школалъул 2-леб классалъул цIалдохъабаз, лъималазул библиотекаялъул гIисинал цIалдохъабаз. Гьез рикIкIана руччабазде, улбузде ва ихдалил байрамалде гьарурал кучIдул. Церерахъин хIадурун букIана байбихьул классазул мугIалим Барият ГьитIиноваль.

Гьединго, баркиялъул кIалъаял гьаруна централияб библиотекаялъул хIалтIухъабазги.

НИЖЕР МУХБИР

■ ШИГIРИЯБ БОКIОН

Солдатасул эбел

Солдат гIезавурай
ГIазизай эбел,
ГIодун холей йиго
Васасда хадуй,
Хирияб ВатIаналъ
АхIи барабго,
Борчана васасги
Черхалда ярагъ.

Вай дир берзул канлъи,
Дир каранзул нур,
Намусалъул ахIи-
Хирияб ВатIан.
Ва амма лъан букIа,
КIочене тоге,
Чилъиялъул рачел
Чучун хъвадуге,
Чара бухIараца
ЯхI рехулебин.

ВатIаналъул тIалаб
ТIадабин дуда,
ТIаде къо ккун бугин
КъвакIе , дир дарман.
Дурго эбелаб ракь
Инсулаб улка,
Карателаз квегъун,
Зурулеб бугин.

Заманаялъул лъалкI
Нахъе хутIула,
Хилиплъуге воре
Мун ВатIаналъе.
ТIадаб налъи бугин
ТIубазе кколеб,
Бергьенлъи яги хвел
ТIаса бищулеб.

Щияй эбелалъул
Бадисан унеб,
БухIараб магIица
Чуре чороклъи.
Чохьол эбелалда
РахIат лъаларел,
РачIун ругин къоял
Къавмалде тIаде.
ТIокIаб жо кIваричIо
БетIергьан Аллагь,
ЩIуне нижер васал
ГIасияб рагъда.
Рокъоре руссаги
Рагъуй ахир лъун,
Хириял улбузе
Ва тIанчIазухъе.

Солдатасул эбел,
Сабруялда чIа,
Аллагьас цIунулин
Дур берзул канлъи.
ДугIа къабуллъаги
Къойил гьабулеб,
Къурьан дурусльаги
Даим цIалулеб.

ПатIина ГIАЛИЕВА, ХIебда

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

Операция «Оружие-выкуп»!

С 1 февраля по 31 декабря 2022 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

При приеме оружия, гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, выдаются следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;
2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012 года №1107.
3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство юстиции Республики Дагестан (далее - Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме, с приложением копий следующих документов:

1. копии паспорта;
2. копии страхового свидетельства государственного пенсионного стра¬хования (при наличии);
3. копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физиче¬ского лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);
4. копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
5. квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
6. постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в

Минюст РД лично гражданином, по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина, тупик №6, либо направлены по почте.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (таблица ниже) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые ве¬щества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии, либо непригодном для использования по основному назначению.

№ п/п	Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ	Цена в руб.
1.	Пистолет (в том числе АПС), револьвер	55000
2.	Автомат	80000
3.	Пулемет Калашникова и его модификации	85000
4.	Ручной пулемет	75000
5.	Пистолет-пулемет	50000
6.	Автоматический гранатомет станковый	25000
7.	Подствольный гранатомет	20000
8.	Ручной противотанковый гранатомет	20000
9.	Одноразовый гранатомет	15000
10.	Малогабаритный реактивный огнемет	25000
11.	Снайперская винтовка	60000
12.	Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом	15000
13.	Охотничье гладкоствольное ружье	3000
14.	Газовые пистолеты и револьверы	2000
15.	Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства	10000
16.	Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства	1000
17.	Травматические пистолеты и револьверы	3000
18.	Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами	20000
19.	Взрывчатое вещество (тратил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм	8
20.	Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ)	3000
21.	Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу	300
22.	Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению)	3000
23.	Выстрел к РПГ	3000
24.	Выстрел к подствольным и станковым гранатометам	2000
25.	Ручная граната	2500
26.	Мина	2000
27.	Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12,7 калибра	15
28.	Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12,7 калибра и более	150
29.	Запалы к гранатам	1000

По возникающим вопросам обращаться по тел. д/ч ОМВД России по Шамильскому району – 8-999-418-90-70.

Телефон доверия – 8-872-592-23-25.

ОМВД России по Шамильскому району

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
Р. Абакарова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "Щияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерстволъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакьикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун. Нижер электрониияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50